

REZIME NAN LANGAJ KLÈ POLITIK PWOGRAM ASISTANS FINANSYÈ A

Pwopozisyon pou Asistans Finansyè

Broward Health bay asistans finansyè atravè Pwogram Asistans Finansyè li a pou peye depans pou sèvis ijans oswa sèvis ki nesèsè medikalman pou pasyan ki pa gen asirans ki abite pèmanan nan limit rezidansyèl Broward Health yo epi ki pa genyen lòt sous finansman ki egziste pou yo.

Kòman pou w fè demann asistans lan

Pou fè demann pou asistans finansyè a, kandida yo yo dwe reyini tout enfòmasyon yo mande sou lis kontwòl asistans finansyè a epi yo dwe rankontre ak yon konseye finansyè Broward Health pèsònèlman, pou ranpli demann asistans finansyè a anliy.

Enfòmasyon sou Kontak

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Pwogram Asistans Finansyè Broward Health la, oswa asistans ak pwosedi demann lan, tanpri ale sou sou www.browardhealth.org/moped. Gen enfòmasyon siplemantè ki disponib atravè kourye oswa an pèsòn nan tout kat (4) Sant Medikal yo.

Broward Health Medical Center, 1600 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale, FL 33316 (954) 355-5442,
Broward Health North, 201 E. Sample Rd., Deerfield Beach, FL 33064 (954) 786-6589,
Broward Health Imperial Point, 6401 N. Federal Highway, Fort Lauderdale, FL 33308 (954) 776-8708,
Broward Health Coral Springs, 300 Coral Hills Drive, Coral Springs, FL 33065 (954) 344-3006.

Kondisyon pou ou elijib

Chak demann asistans finansyè ak deklarasyon revni ap sèvi pou detèmine elijiblite pou tout manm fanmi an ki nan lis demann nan men ki pa gen asirans.

Aplikasyon yo dwe enskri pou pwogram asistans ki disponib yo avan (egzanp, Asirans Sante, Medicaid, Medicare, Florida KidCare, elatriye) epi konfòme yo ak pwosedi demann nan, pou yo ka jije yo elijib pou asistans finansyè Broward Health la. Si w pa fè sa, y ap rejte demann lan oswa y ap anile asistans finansyè ki te deja apwouve a.

Daprè Gid Povrete Federal yo nan zafè povrete, yon aplikasyon ki kalifye/apwouve ki gen revni fanmi ki enferyè oswa egal a 300% nan Gid Povrete Federal yo, ap resevwa asistans finansyè ki konplè avèk yon patisipasyon \$10, \$25 oswa \$50 (sa depannde nivo revni an).

Disponibilite Tradiksyon Politik Asistans Finansyè a

Tradiksyon Politik Asistans Finansyè a, Demann Pwogram Asistans Finansyè a ak rezime ki fèt nan langaj klè sa a disponib ann Anglè, Espanyòl, Pòtigè ak Kreyòl sou www.browardhealth.org/moped.

Montan yo Faktire Jeneralman

Yo p ap fè yon pasyan yo jije ki elijib pou asistans finansyè a plis pase kantite lajan yo faktire a jeneralman pou swen ijans oswa lòt swen ki medikalman nesèsè pou moun ki gen asirans ki garanti swen sa yo.